



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MACH SOLIDARITE A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 45 MILYON DOLA FINANSMAN ADISYONÈL POU PWOTEJE ENSTITISYON RELIJE NEW YORK YO, KI GENYEN LADAN YO LEKÒL AK SANT KILTIRÈL YO

Finansman an ap ranfòse sekirite enstitisyon relijye ki ka sib krim hèn potansyèl yo

Kreye nouvo Liy Konsèy Polis Eta a pou moun repòte ensidan potansyèl yo - 1-877-NO-HATE-NY

Ogmantasyon Patwouy Polis Eta yo kontinye nan katye Jwif Ôtodòks yo atravè eta a

Nan Mach Solidarite "San Èn, San Laperèz", jodi a nan Vil New York, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen yon lòt 45 milyon dola finansman ki disponib pou ede pwoteje enstitisyon relijye New York yo, ki genyen ladan yo lekòl ak sant kiltirèl, ki kont krim hèn yo. Finansman an te disponib sou [Demand Sibvansyon](#) nan Pwogram Sibvansyon pou Sekirize Kominote New York yo Kont Krim Hèn nan. Pwogram sa Gouvènè Cuomo te kreye an 2017, bay finansman pou ranfòse mezi sekirite yo epi prevni krim hèn kont gadri san bi likratif, sant kominotè, mize kiltirèl, kan lajounen ak lekòl ki pa piblik yo, ki ka vilnerab akòz ideyoloji, kwayans oubyen misyon yo. Depi kòmansman pwogram nan, yo te sipòte plis pase 500 pwojè konsa pou 25 milyon dola nan finansman eta a. Gouvènè a te anonse tou kreyasyon yon nouvo liy konsèy ke Moun New York yo ta dwe rele si yo fè eksperyans patipri oswa diskriminasyon - 1-877-NO-HATE-NY. Anplis, Gouvènè a te anonse ke Polis Eta a ap kontinye ogmante patwouy ak sekirite nan katye Jwif Ôtodòks yo atravè eta a.

"Resan vag atak antisemitis ak lòt atak ki alimante hèn nan New York ak nan peyi a, lakoz anksyete nan fason ki konpreyansib, men nou p ap entimide." **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan New York nou kanpe kont sila yo k ap eseye simen divizyon ak laperèz, e nouvo finansman sa ap bay enstitisyon relijye ak kiltirèl yo sipò yo bezwen pou ede yo pwoteje tèt yo epi kenbe moun yo an sekirite. Nou p ap kite kansè hèn ak entolerans afebli nou - n ap kontinye kanpe epi denonse l chak fwa li leve vizaj lèd li a."

Statistik sou krim hèn yo endike yon vag antisemitis ak krim hèn kont kominote Jwif la, nan nivo nasyonal ak nan New York. Apeprè mwaye nan tout krim hèn yo nan New York pandan kèk ane ki pase yo, te fèt kont kominote Jwif la. 27 Oktòb 2018 la, fiziyad mas nan Sinagòg Tree of Life nan Pittsburgh ak atak terè resan nan yon mache kosher nan Jersey City, New Jersey, kote yon Yeshiva lokal ak lekòl Katolik te fè fas ak yon

fiziyad, souliyen bezwen pou pwoteje enstitisyon Jwif yo kont ekstremis ak antisemitis vyolan.

Sibvansyon an, ke Divizyon Bidjè Eta New York la (New York State Division of the Budget) ap jere, bay jiska 50,000 dola finansman adisyonèl pou bezwen fòmasyon sekirite, kamera, ranfòse pòt yo, amelyore ekleraj, teknoloji ak lòt modènizasyon sekirite nan chak etablisman ki kalifye yo. Òganizasyon k ap administre plis pase yon etablisman, genyen opòtinite pou soumèt jiska senk demand sibvansyon.

Gouvènè Cuomo te [anonse](#) pwogram nan, nan mwa Oktòb 2017, e li fè pati yon efò enpòtan Gouvènè a lanse pou konbat krim hèn nan New York. Fòs Entèkansyon sou Krim Hèn yo (Hate Crimes Task Force) la te kreye ane pase pou modere ensidan menas ki baze sou diskriminasyon, asèlman, ak vyolans nan New York. Nan kad Fòs Entèkansyon an, Polis Eta New York, Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights, DHR), ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services), angaje moun ki konsène lokal yo ak ajans k ap fè aplike lalwa pou idantifye epi mennen ankèt sou krim ki genyen hèn kòm motivasyon ak tandans ki baze sou patipri, vilnerablite kominote yo ak pratik diskriminatwa.

Gouvènè Cuomo te etabli tou yon liy telefòn ak tèks ijans ke Moun New York ta dwe rele si yo fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon. Nimewo telefòn nan se 1-877-NO-HATE-NY e liy ijans lan ouvri.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)